

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



MEMORANDÒM

POU : Manm Komite Skolè Boston an
Surintendante Mary Skipper

SOT NAN MEN : Jeri Robinson, Prezidan
Micheal O'Neill, Vis Prezidan

SIJÈ A : Amandman (Modifikasyon) nan lwa entèn Komite Skolè Boston
an : Reyinyon Òganizasyonèl 2023

DAT LA : 14 desanm, 2022

Kòm ou deja okouran, Atik 2, Seksyon 1 lwa entèn Komite Skolè Boston an egzije Komite a « konvoke reyinyon anyèl li a premye lendi janvye chak ane ». Kòm premye lendi janvye 2023 a ap tonbe lendi, 2 janvye, ki se yon jou fèt piblik (lè moun ap obsève Nouvo Ane/Nouvèl An), nou pwopoze pou Komite Skolè a sispann Atik 2, Seksyon 1 pou ane sa a sèlman, e konvoke reyinyon òganizasyonèl anyèl 2023 nou an mèkredik, 4 janvye, 2023, de preferans.

Atik 7, Seksyon 2 lwa entèn yo deklare ke « lwa entèn sa yo ka modifye avèk vòt senk manm Komite a ». Ak tout respè n ap mande pou Komite a diskite e vote sou kesyon sa a nan reyinyon 14 desanm, 2022 a.